**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
(Минобрнауки ЧР)

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**

# П Р И К А З

06.09.2024 № 854-п

г. Грозный

**Об утверждении демонстрационных вариантов контрольных измерительных материалов ОГЭ 2025 года по чеченскому языку, кодификатора и спецификации к ним**

В соответствии с Порядком проведения государственной итоговой аттестации по образовательным программам основного общего образования, утвержденным приказом Министерства просвещения Российской Федерации, Федеральной службой по надзору в сфере образования и науки от 4 апреля 2023 года № 232/551, п р и к а з ы в а ю:

1. Утвердить:

– демонстрационные варианты контрольных измерительных материалов основного государственного экзамена 2025 года по чеченскому языку (2025 шеран нохчийн меттан пачхьалкхан коьртачу экзаменан талламан лараран коьчалийн демоверсеш) согласно приложению № 1;

– кодификатор проверяемых требований к результатам освоения основной образовательной программы основного общего образования и элементов содержания для проведения основного государственного экзамена по чеченскому языку (дешархой нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дIайахьа кийча хиларан тIегIанан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор) согласно приложению № 2;

– спецификацию контрольных измерительных материалов для проведения в 2025 году основного государственного экзамена по чеченскому языку (2025 шарахь нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дIайахьа лерина талламан лараран коьчалийн спецификаци) согласно приложению № 3.

2. Контроль за исполнением настоящего приказа возложить на заместителя министра Тааева И.Д.

Министр Х-Б.Б. Даааев

Приложение № 1
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «06» 08 2024 г. № 854-п

# Демонстрационные варианты контрольных измерительных материалов основного государственного экзамена 2025 года по чеченскому языку (2025 шеран нохчийн меттан пачхьалкхан коьртачу экзаменан талламан лараран коьчалийн демоверсеш)

## 1 ВАРИАНТ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах льтташ бу, шена чохь 9 тIедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

1-чу декъана йукъадогIу цхьа тIедиллар. Иза **ладоьгIначу текстан буха тIехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугIу.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

2-гIа дакъа льтта 7 тIедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тIедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тIехь**.

2-8-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалийнчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тIедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тIе сиз хьакхий, йуххехь керла жоп дIайазде.

3-чу декъан тIедиллар кхочушдо 2-чу декъан тIедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тIехь**.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тIедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугIатах пайдаэца.

ТIедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тIехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тIедахкаршна йаьхна йерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тIедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 60 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**
1. Хьаьнца Іара Айата да-нана балхахь долчу хенахь?
2. Йоккхачу стага хӀун Іамийнера йоІана?
3. Цхьана дийнахь шегара хӀун ледарло йалийтинера Айатас?
4. Кхалларан цуьргех хӀун дира йоккхачу стага?
5. Муха тӀегулделира зингаташ оцу цуьргашна?

**2 дакъа**

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДӀайеша текст.

(1)Хьуна хуур ду, уьш муха бертахь вежарий хилла, цхьана сица йа цхьана дагца, цхьана дегІаца бехаш санна. (2)Уьш баккъал а чӀогІа бертахь хилла, йуьртана а, махкана а хууш. (3)Хьуна хийла дагаоьхур ду царна йукъахь хилла гӀиллакх, церан лерам, жима-воккхалла. (4)Цкъа а, цхьана а буса, шовзткъе итт йа кхузткъа шераш долу хьан ши деваша, хьалха шун да волчу чу а веана, цуьнца хан йаьккхина бен, шайн чу воьдуш ца хилла.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.
1) хьуна вежарий хилла (1-ра предложени)
2) уьш чӀогІа хилла (2-гӀа предложени)
3) хьуна дагаоьхур ду (3-гӀа предложени)
4) деваша воьдуш ца хилла (4-гӀа предложени)
Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде. Іоьттина шаьлта санна (1) новкъа дара инарлина (2) воккхачу стеган къамел. Цу къамелан паргӀатчу (3) эсалчу (4) мукъамо а (5) цуьнца йолчу эндажечу Іоттаро а (6) хьераваьккхина хьийзавора иза (7) амма цуьнан (8) болатан озо сецавора.
Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **кхачам** схьайазбе.
**Зал санна долу баракан доккха цӀа балхана чӀогІа чубоьлла хьийзачу белхалойх дуьзнера.**
Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.
1) **ОХЬА ЦА КХЕТАР** – «ЦА» дакъалг масдарца къаьстина йаздо.
2) **ЧӀАРХ-АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.
3) **ОХА** – хьалхарчу спряжени чудогӀучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.
4) **ВАРАНДА** – долахь цӀердешнаш жимачу элпаца йаздо.
Жоп ______________________________________________________________

***Текст дӀа а йеший, 6 – 9 тӀедахкарш кхочушде.***

(1)Иза дара 1960-чу шарахь. (2)Махках баьхна лелла, нохчий шайн Даймахка цӀабирзина хан йара иза. (3)Ломара цхьана йуьрта тезета ваханера Рустам шен девешица Шахьбица. (4)ХӀорш дӀабоьлхучу автобус тӀехь кхин а кхеран йуьртара а, цӀийнах болу а баккхий нах бара. (5)Оьзда догӀмаш долуш, хазачу куьцехь мажош хедийна, беснеш тӀехь цӀен бос богуш, элий санна, товш бара уьш шайн дешех, детех лепачу холхазан куйнашца.

(6)Жимчохь да-нана делла, берийн цӀийнахь кхиъна, нохчашца башха Ӏийна ца хиллехь а, ша оцу нахаца цхьа гӀиллакх лело дезийла хаьара Рустамна, амма, автобус тӀехь уьш нислур бу аьлла, цо ойла ца йинера, ша лам чу ваха новкъаволуш.

(7)Цул совнаха, цуьнан кисанахь шений, девешиний тӀера даллал бен ахча а дацара. (8)Шаьшшинна тӀера мах дӀа а белла, охьавоссар гӀиллакхехь ца хийтира цунна, ткъа нах охьабиссалц тӀехьа лаьттийла-м муххале а дацара. (9)Оцу кегайеллачу ойлано сагатдеш, садууш Ӏачу Рустаме бӀаьца йина тӀе а кхайкхина, цуьнан кисана цхьа хӀума Ӏоьттира девашас:

– (10)Вало, дӀакхачаре ца хьоьжуш, вайшиннах а, кху чохь мел болчу баккхийчу нахах а автобусна богӀу мах дӀало, – аьлла.

(11)Девашас бохург дира Рустама. (12)Сингаттаме хилла дог мелла а дастаделира, амма сапаргӀат ца делира. (13)Дикка хан йелира, шегара йаьлла ледарло цунна йиц ца луш. (14)Девашас-м йуьхькӀайчу хӀоттийра иза, делахь а Рустамна ша йуьхьӀаьржа хетара цунна хьалха.

(15)«Ванах, цунна муха хиъна хилла-те соьгахь ахча доций? (16)И ледарло соьгара хӀунда йаьлла? (17)Айса лело дезарг суна хӀунда ца хаьара? (18)Со ма паргӀатваьлла хилла», – бохуш, Ӏара иза.

(19)ТӀулгах йиначу йоӀа кӀудалца хи оьцучу шовданна тӀекхаьчча, автобус сацайайтина, охьавоьссина, шишан чохь хи ийцира Рустама. (20)Иза баккхийчу нахе дӀакховдийра.

– (21)Иза хьенан, мила ву? – вовшашка хетта бевлира баккхий нах. (22)Гуш дара Рустама лелош долу гӀиллакх царна тайна хилар. (23)Йуьрта схьакхаьчча, уьш охьабуьссуш, тӀехьа Ӏаш волчу Шахьбис дӀа мохь туьйхира:

– (24)Рустама вайх ахча дӀаделла, охьадиссалаш, – аьлла.

(25)Шайца гӀиллакх лелорна чӀогӀа там хилла бара баккхий нах. (26)Рустам охьавоссалц собар а дина, бистхилира уьш.

– (27)Рустам, Дела реза хуьлда хьуна тхо ларарна! (28)Дала сий дойла хьан! (29)Массо а вочу хӀуманах ларвеш, хьан ахча а хьуна тӀера Дала сагӀа дойла! (30)Хьо кхиийнчу денананна а Дела реза хуьлда!

– (31)Дела реза хуьлда шуна а, – вела а къежна, жоп делира Рустама.

– (32)Дика хьаха ду и гӀиллакх лело шу тхуна долуш. (33)Дала шу дукхадахадойла тхуна.

(34)…Девашас шега диначу хьехаршка ладегӀначу Рустамах наха лоруш, цӀе йоккхуш стаг хилира, цо леладо гӀиллакх бахьана долуш. (35)И дерриге а вонехь-диканехь дукха лаьттина волу шен деваша Шахьби бахьанехь дуйла а хаьара цунна. (36)Цул тӀаьхьа деваша чӀогӀа лоруш, цунах дагавуьйлуш, схьавеара Рустам, иза дуьненчуьра дӀакхалххалц.

(37)Цкъа и шиъ шаьшша висинчохь кӀанта девешига хьахийра, цо ша стаг вина, йуьртахула дӀаволавалийтарх лаьцна.

– (38)Ас динарг сайна дина. (39)Хьан дика цIе йаьккхича а, вон цIе йаьккхича а, хьенехан вешин кIант вара иза-м, эр ду наха. (40)Воккхачунна тIехь долу декхарш алсам ду. (41)Ас хьайца лелийнарг вайн гергарчу кегийчу нахаца хьан а лело дезар ду, – аьлла, хьехар дира девашас Рустамна.

*(Х.Ш. Яндарбиев)*

6

«ХIун бахьана дара Рустаман сапаргIат цадаларан?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Девашас халахетийтинера Рустамна.***
2) ***Баккхий нах ца кхеттера кIанта диначух.***
3) ***Автобус тIера нах охьабиссалц тIехьа латта дийзира Рустаман.***
4) ***Шегара йаьлла ледарло йиц ца лора кIантана.***

Жоп ________________________________________________

7

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Ломара цхьана йуьрта тезета ваханера Рустам шен девешица Шахьбица.***
2) ***Цул совнаха, цуьнан кисанахь шений, девешиний тIера даллал бен ахча а дацара.***
3) ***Сингаттаме хилла дог мелла а дастаделира, амма сапаргIат ца делира.***
4) ***Рустам охьавоссалц собар а дина, бистхилира уьш.***

Жоп ________________________________________________

8

10-чу предложенера **«баккхийчу»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Л.Н. Толстойн **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Л.Н. Толстойн дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь (суна хета)... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай...
2. Масална текстан... предложени йало мегар ду.
3. Авторо шен текстан... предложенехь меттан гIирсах... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Девашас шега диначу хьехаршка ладегIначу Рустамах наха лоруш, цIе йоккхуш стаг хилира, цо леладо гIиллакх бахьана долуш».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьIнех со иштта кхета...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ...предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла...
4. Дерзорехь билгалдоккху...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ГIИЛЛАКХ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«ГIиллакх – къонахаллин йуьхь»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **ГIиллакхах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ГIиллакх – иза... Суна хетарехь...
2. Текстан авторо вайга ойлайойту...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

## 2 ВАРИАНТ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах лаьтташ бу, шена чохь 9 тIедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

1-чу декъана йукъадогIу цхьа тIедиллар. Иза **ладоьгIначу текстан буха тIехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугIу.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

2-гIа дакъа лаьтта 7 тIедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тIедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тIехь**.

2-8-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тIедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тIе сиз хьакхий, йуххехь керла жоп дIайазде.

3-чу декъан тIедиллар кхочуш до 2-чу декъан тIедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тIехь**.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тIедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугIатах пайдаэца.

ТIедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тIехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тIедахкаршна йаьхна йерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тIедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

## 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 60 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Хьаьнца Iара Айата да-нана балхахь долчу хенахь?
2. Йоккхачу стага хIун Iамийнера йоIана?
3. Цхьана дийнахь шегара хIун ледарло йалийтинера Айатас?
4. Кхалларан цуьргех хIун дира йоккхачу стага?
5. Муха тIегулделира зингаташ оцу цуьргашна?

## 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)И шийла Iа ша доькхуш санна, йовха а, йекхна а йеара бIаьсте. (2)КIайчу башлаьмнаш тIехула шершара детин басахь йогу мархаш. (3)Церан дуткъий IиндагIаш, вовшашна тIаьхьа а уьдуш, лаьмнийн басешкахула дIаоьхура, сих-сиха шайн аматаш хуьйцуш. (4)ХIаваъ сихха дохлуш догIура, дахкарх тера Iаь а гIуьттуш, денлучу бай тIера хьалагIертара заз-буц.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) йекхна йеара бӀаьсте (1-ра предложени)
2) башлаьмнаш шершара (2-гӀа предложени)
3) ӀиндагӀаш дӀаоьхура (3-гӀа предложени)
4) бай тӀера хьалагӀертара (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________

| 3 |

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде. Майданахь кхозуш бара тайпанан (1) йукъара йай (2) тӀехь даьхна хьаьркаш а долуш. Ишттачу йеш чохь (3) бӀаьстенан дезачу дийнахь (4) жижиг кхеххкадора. Цхьацца къийсамаш а (5) кхеле дехкина гӀуллакхаш а (6) йукъара йай болчохь къастадора. Кхузахь (7) баккхий нах а гуллой (8) бехке веш волчуьнга (9) дуй боуьйтура.

Жоп ____________________

| 4 |

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **кхачам** схьайазбе.

**ТӀекхевдина лаьттачу ӀиндагӀаша долчунна тӀе а шелдо шовданаш, бухарчу жагӀано серладоху.**

Жоп ____________________

| 5 |

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КХОЧУШЙО** – цхьана дешдекъах лаьттачу хандешан гӀоьнца кхолладелла чолхе хандешнаш цхьаьна йаздо.
2) **МА ВОЬДДУ** – дакъалг «МА» къаьстина йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.
3) **ЦА ЛЕРИНАРГ** – «ЦА» дакъалг лаамечу причастица къаьстина йаздо.
4) **МА-РС** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.

Жоп ____________________

***Текст дӀа а йеший, 6 – 9 тӀедахкарш кхочушде.***

(1)Малх дикка лакхабаллалц чӀерий лоьцуш а Ӏийна, цӀа вогӀуш вара Дадаш. (2)Тахана башха дукха чӀерий а ца лийцира цо. (3)Цундела дог ца догӀу-у-ш цӀа вогӀура иза. (4)Амма де хаза а, декхна а дара. (5)Ӏуьйранна хӀара чӀерий леца вогӀуш, гӀа-беца тӀехь хилла тхи дакъаделлера. (6)КӀедачу бацо, цхьа тамашийна хаза гилдигаш дохуш, хьоьстура берзина когаш. (7)Дадаш схьавогӀучу гӀашлойн некъан аьтту агӀор лекха эрз а баьлла бара башха боккха боцу Ӏам. (8)Малх дӀабуза болабелча, дукха чуьркаш хуьлура цу тӀехула хьийзаш. (9)Ткъа суьйранна цу чуьра йекара пхьидаш, концерт хӀоттош санна.

(10)ЦӀаьххьана кӀантана хезира шена гена доцуш, эрз меттахъхьебеш, «шах-шах» деш, йаьккхина гӀовгӀа.

(11)ХӀара дӀахьаьжна а валале, кхунна хьалха некъа тӀе а йаьлла, лаьтташ волу хӀара а ца гуш, некъан бохалла дӀайолайелира ши гӀаз. (12)Ши гӀаз аьлча а, царах цхьаъ йара йоккха гӀаз, ткъа важа кхиъна йогӀу гӀезан кӀорни йара.

(13)Шен карара хӀуманаш охьа а кхиссина, тӀаьхьаведира Дадаш шина гӀезана.

(14)Шайна тIехьа тата а хезна, йухахьаьжначу шина олхазарна гира дедда догIу адам.

(15)Кхерайелла, мохь а хьаькхна, тIома йаьлла дIаиккхира йоккхахйолу гIаз. (16)Ткъа жимахйерг, шен хIинца а дика ондадовлаза долу кегий тIемаш дIаса а дахийтина, бацахула йуьстахъиккхира.

– (17)Йоккхахйолу гIаз схьалаца дагахь тIаьхьаведда Дадаш, йуьстахъиккхинчу кIорнина тIех а ваьлла воьдура. (18)Дукха гена ца йолуш, дIанехьо йахана охьа а хиъна, шен кIорнига мохь туьйхира гIезо. (19)Схьагарехь: «Йадалахь, сан хьомениг, кIелхьарайалалахь!» – бохучух тера дара цо. (20)Ткъа кIорни, некъа тIе а йаьлла, шен нене кхойкхуш, мохь хьоькхуш льаттара.

– (21)Дика ду, вуьшта, хьо ца лацалахь а, хьан кIорни-м лоцур йу хьуна ас, – аьлла, гIезана буй а ластийна, йуханехьа ведира кIант. (22)Дукха кхерайаларна, кхин а чIогIа мохь а хьаькхна, шен дIасатехкачу боларца дIаиккхира гIезан кIорни. (23)Амма гена йалале, тIаьхьакхиъначу кIанта схьалецира иза. (24)Кхерайелла, йега а йеш, мохь хьоькхура гIезан кIорнино. (25)Цул а чIогIа мохь а хьаькхна, тIехула, лоха гонаш дохуш, хьаьвзира нана-гIаз.

– (26)Ма хьохьа сан бер, дIахецахьа иза, ма йаккхахьа тхойшиъ вовшах! – бохуш санна, хеталора Дадашана гIезо хьоькху мохь. (27)Марахь йетталуш, шийла мохь а хьоькхуш, тIаьхьайогIучу шен нене йухахьажа гIертара кIорни.

(28)Гучуйелира кIант веха йурт. (29)ТIаьхьара ца йолуш, мохь хьоькхуш йолчу нана-гIезан аз гIеллуш льаттара. (30)Ши тIам дIаса а бахийтина, кIантана уллохь тIаьхьахIоьттина йогIура иза, шега беанчу балина ша хIун дер ца хууш. (31)Шен кIорни эцна доьдучу адаме дехар дора цо шена ма-хуъу. (32)Нана ма йара иза.

(33)ЦIаьххьана Дадашана дагадеара, цкъа ша жима волуш, ненаца гIала вахча, ша цунах хаьдда вар а, йуха ша карийча, дукха хазахетта, ша мара а къуьйлуш, йоьлхуш шен нана муха хьийзира а. (34)Ша волччохь сецира Дадаш. (35)Йуьстахо, кхунна дуьхьал а йаьлла, сецира гIаз а. (36)Шен гIелделлачу озаца, йуха а мохь хьоькхуш, доьхура цо адаме. (37)Меллаша шен карара кIорни охьайиллира кIанта. (38)Ша льатта кхоччушехь, хазахетта мохь а хьаькхна, лаг а дахдина, шен нанна тIехьаьдира иза.

*(Х.Б. Саракаев)*

6

«**ХIун бахьана дара Дадаша гIезан кIорни дIахецаран?**» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Дадаш нана-гIезах кхеравеллера.***

***2) Дадашана дагадеара, цкъа ненаца гIала вахча, ша цунах хаьдда вар.***

***3) Йеза хиларна, кхин дIа ца йахьалора Дадаше гIезан кIорни.***

***4) Дадаш шен ненах ца ваьхьара гIезан кIорни цIайахьа.***

Жоп ______________________________

7

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Малх дикка лакхабаллалц чIерий лоьцуш а Iийна, цIа вогIуш вара Дадаш.***

***2) Ткъа суьйранна цу чуьра йекара пхьидаш, концерт хIоттош санна.***

***3) Шен карара хIуманаш охьа а кхиссина, тIаьхьаведира Дадаш шина гIезана.***

***4) Марахь йетталуш, шийла мохь а хьоькхуш, тIаьхьайогIучу шен нене йухахьажа гIертара кIорни.***

Жоп ______________________________

8

30-чу предложенера **«балина»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________

**3 дакъа**

| |
|---|
| ***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.*** |

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Ш.И. Абдуразаковн дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тIехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац…
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай...
3. Масала, текстан... предложенехь...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенийн маьIнех: **«Шен кIорни эцна доьдучу адаме дехар дора цо шена ма-хуъу. Нана ма йара иза».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьIнех со иштта кхета...
2. Шен текстехь авторан Iалашо йу...
3. ХIокху тезисан нийса хилар текстера... предложенешца тIечIагIдо вай.
4. Цу тайпана, баккъал а ойла нийса йу...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **БЕЗАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Ненан безам»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Безамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуъхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо. Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Безам – иза… Сан кхетамехь...
2. Текстан авторна хетарехь...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

**Нохчийн меттан экзаменационни белхан маххадоран къепе (система)**

**1 дакъа**

| ***ЛадогIа билгалйина текст*** |
|---|

Да-нана балхахь долчу хенахь жима Айата гуттар а дененаца Iара. ЙоIана йоккха стаг даим иштта хилла йу моьттура, хIинца ма-йарра, къена, букар а йахана. «Со жима йолуш дара иза», – олуш, баба цхьацца дийца йолайелча, шен денене цеце дIахьожура иза.

Йоккхачу стага нуй хьакха а, мотт-гIайба дIанисдан а Iамийнера йоIана, иштта кхидолу кега-мерса хIуманаш а. Наггахь дов а дора цо кIентан йоIана: «Нуй цIена хьакха, нехаш аьшкалца уьйтIа дIа ма лестайе», – олуш. Ткъа Айата йицлора: иза даим тайнигаш ловзош хуьлура, цаьрца шен беран хабарш а дуьйцуш.

Цхьана дийнахь ша хIума йууш охьаэгна баьпкан цуьргаш кхечу нехашца дIакхиссинера йоIа, неIаран берттера аьшкалца дIаластийна. Денана цецйелира, аьшкалца арайаьлла йоI, неI шена тIаьхьа тIе а къовлайалале, оцу сохьтта йуха схьагучуйаьлча. Шеца Айата а эцна, сихха арайелира иза. ЙоIе шена гIо а дойтуш, и кегийра кхалларан цуьргаш, цхьацца оьцуш, схьа а лахьийна, зингатийн борза тIе охьадоьхкира йоккхачу стага, шабаршца Делан цIераш а йохуш. Зингаташ оцу сохьтта тIегулделира цуьргашна, хIорамма а цхьацца баьпкан цуьрг схьа а лоцуш. Йуха, хьийзина-а, шайн борза чу кхехьа долийра, кхидолу зингаташ а тIе а гулделла.

(М.М. Бексултанов)
174 дош

**Хаттарш:**

1. Хьаьнца Iара Айата да-нана балхахь долчу хенахь?
2. Йоккхачу стага хIун Iамийнера йоIана?
3. Цхьана дийнахь шегара хIун ледарло йалийтинера Айатас?
4. Кхалларан цуьргех хIун дира йоккхачу стага?
5. Муха тIегулделира зингаташ оцу цуьргашна?

**Жоьпаш:**

1. Да-нана балхахь долчу хенахь жима Айата гуттар а дененаца Iара.
2. Йоккхачу стага нуй хьакха а, мотт-гIайба дIанисдан а Iамийнера йоIана, иштта кхидолу кега-мерса хIуманаш а.
3. Цхьана дийнахь ша хIума йууш охьаэгна баьпкан цуьргаш кхечу нехашца дIакхиссинера Айатас, неIаран берттера аьшкалца дIаластийна.
4. ЙоIе шена гIо а дойтуш, и кегийра кхалларан цуьргаш, цхьацца оьцуш, схьа а лахьийна, зингатийн борза тIе охьадоьхкира йоккхачу стага, шабаршца Делан цIераш а йохуш.
5. Зингаташ оцу сохьта тIегулделира цуьргашна, хIорамма а цхьацца баьпкан цуьрг схьа а лоцуш.

(79 дош)

**1-чу тӀедилларан маххадоран критереш**

*1 таблица*

| РогӀалла | **ЛадоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан маххадоран критереш** | **Баллаш** |
|---|---|---|
| **ХЖК1** | **Жоп тӀедилларца догӀуш хилар** | |
| | Жоп тӀедилларца догӀуш ду (хаттаршна жоьпаш йаздина). ХӀора жоьпан терахь билгалдаьккхина | 2 |
| | Жоп тӀедилларца догӀуш ду (хаттаршна жоьпаш йаздина), **амма** жоьпаш оьшучу терахьашца билгалдаьхна дац | 1 |
| | Жоп тӀедилларца догӀуш дац (текст ма-йарра схьайазйина) | 0 |
| **ХЖК2** | **Жоьпийн барам** | |
| | Экзамен лучо ладоьгӀначу текстан буха тӀехь хӀиттийнчу дерриге а хаттаршна нийса жоьпаш делла | 3 |
| | Экзамен лучо ладоьгӀначу текстан буха тӀехь хӀоттийнчу 4 хаттарна нийса жоп делла | 2 |
| | Экзамен лучо ладоьгӀначу текстан буха тӀехь хӀоттийнчу 3 хаттарна нийса жоп делла | 1 |
| | Экзамен лучо ладоьгӀначу текстан буха тӀехь хӀоттийнчу 2 хаттарна нийса жоп делла, **йа** 1 хаттарна нийса жоп делла, **йа** цхьана а хаттарна нийса жоп ца делла | 0 |
| **ХЖК3** | **Белхан дӀахӀоттам** | |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дирзина | 2 |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дерзар нисделла **амма** 2 жоьпан хьалха-тӀаьхьалла галйаьккхина | 1 |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дерзар ца нисделла, **йа** 3 жоьпан хьалха-тӀаьхьалла галйаьккхина | 0 |
| **ХЖК1–ХЖК3 критерешца кхочушбинчу йозанан белхан баллийн лаккхара барам** | | **7** |

*__ХЖК__ – хаттарийн жоьпийн критереш

**Тидам бе!**

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ХЖК1–ХЖК3** талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а маххадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица).

## 2 дакъа
## 2–8 тIедахкарш таллар

Экзаменационни белхан 2 декъан тIедахкарш нийса кхочушдарна экзамен лучунна хIора тIедилларна цхьацца балл хIоттайо. Нийса доцчу жоьпана йа жоп цадаларна ноль балл хIоттайо.

*2 таблица*

**1-ра вариант**

| ТIедилларан лоьмар | Нийса жоп |
|---|---|
| 2 | 3 |
| 3 | 1357 < йа > цу терахьийн муьлхха а кхин рогIалла |
| 4 | белхалойх |
| 5 | 2 |
| 6 | 4 |
| 7 | 3 |
| 8 | кегийчу |

**2-гIа вариант**

| ТIедилларан лоьмар | Нийса жоп |
|---|---|
| 2 | 3 |
| 3 | 2578 < йа > цу терахьийн муьлхха а кхин рогIалла |
| 4 | шовданаш |
| 5 | 1 |
| 6 | 2 |
| 7 | 4 |
| 8 | сингаттамна |

## 3 дакъа
## 9 (1; 2; 3) тIедилларан махходоран критереш

9.1 (сочинени-ойлайар) тIедилларан жоьпан мах хадабо хIокху критерешца

*3 таблица*

| РогIалла | Лингвистически темина сочиненин-ойлайаран (9.1) махходоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| С1К1 | **Нийса жоп хилар** | |
| | Экзамен лучо ойлайар теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически гIалаташ дац | 2 |
| | Экзамен лучо ойлайар теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически 1 гIалат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо ойлайар теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически шиъ йа цул сов гIалат далийтина,<br>**йа**<br>тезис тIе ца чIагIйина,<br>**йа**<br>ойлайар тIедилларан контекстаца догIуш дац,<br>**йа** | 0 |

| | | |
|---|---|---|
| | тезис тIечIагIйина лаххарчу барамехь | |
| С1К2 | **Масалш-тIечIагIдарш хилар** | |
| | Экзамен лучо текстера ши масал-тIечIагIдар далийна, текстехь церан долу маьIна нийса билгал а деш | 3 |
| | Экзамен лучо текстера ши масал-тIечIагIдар далийна,<br>**амма**<br>текстехь церан долу маьIна билгал ца дина,<br>**йа**<br>текстера ши масал-тIечIагIдар далийна, текстехь церан долу маьIна цхьаннан бен билгал а ца деш,<br>**йа**<br>текстера цхьа масал-тIечIагIдар далийна, текстехь цуьнан долу маьIна билгал а деш | 2 |
| | Экзамен лучо текстера цхьа масал-тIечIагIдар далийна, текстехь цуьнан долу маьIна билгал а ца деш | 1 |
| | Экзамен лучо тезис гойтуш долу цхьа а масал-тIечIагIдар ца далийна,<br>**йа**<br>экзамен лучо далийна масалш-тIечIагIдарш йешначу текстера дац | 0 |
| С1К3 | **МаьIнийн цхьаалла, сочиненин къамелан уьйр а, хьалха-тIаьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а:<br>– маьIнин гIалаташ дац, схьадийцаран хьалха-тIаьхьалла гал ца йаьккхина;<br>– балха тIехь текст абзацашка йекъар гал ца даьккхина | 2 |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а,<br>**амма**<br>маьIнин цхьа гIалат далийтина<br>**йа**<br>балха тIехь текст абзацашка йекъарехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо биначу балха тIехь хаало коммуникативни дагалацам,<br>**амма**<br>цхьаннал сов маьIнин гIалат далийтина<br>**йа**<br>текст абзацашка йекъарехь ши гIалат далийтина | 0 |
| С1К4 | **Белхан дIахIоттам** | |
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан дIахIоттамехь гIалаташ дац | 2 |
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, **амма** текстан дIахIоттамехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | Балха тIехь текстан дIахIоттамехь шиъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **С1К1 – С1К4 критерешца сочиненин баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайийцина текст йелахь, оцу белхан С1К1 – С1К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Кхочушйечу вариантан 9.1 тIедилларехь йалийнчу цитатех къаьсташ йолчу цитатин буха тIехь йазйинчу сочиненин талларан йерриге а критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а маххадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица).

9.2 (сочинени-ойлайар) тIедилларан жоьпан мах хадабо хIокху критерешца

*4 таблица*

| РогIалла | Текстан анализца йогIучу темина йазйинчу сочиненин-ойлайаран (9.2) маххадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| **С2К1** | **Текстан кийсакан маьIнах кхетар** | |
| | Экзамен лучо нийса кхетам белла кийсакан чулацаман. Кхетам баларехь гIалаташ дац | 2 |
| | Экзамен лучо нийса кхетам белла кийсакан чулацаман,<br>**амма**<br>цуьнан кхетам баларехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо нийса кхетам ца белла кийсакан чулацаман,<br>**йа**<br>экзамен лучо шиъ йа цул сов гIалат далийтина текстан кийсакан чулацаман кхетам баларехь,<br>**йа**<br>экзамен лучун балха тIехь кийсакан чулацаман кхетам балар дац | 0 |
| **С2К2** | **Масалш-тIечIагIдарш хилар** | |
| | Экзамен лучо йалийнчу кийсакан чулацаман кхетам баларца догIу ши масал-тIечIагIдар далийна текстера | 3 |
| | Экзамен лучо йалийнчу кийсакан чулацаман кхетам баларца догIу цхьа масал-тIечIагIдар далийна текстера | 2 |
| | Экзамен лучо масал (-ш) – тIечIагIдар (-ш) йешначу текстера ца далийна | 1 |
| | Экзамен лучо йалийнчу кийсакан чулацамна кхетам луш долу цхьа а масал ца далийна,<br>**йа**<br>экзамен лучо масална-тIечIагIдарна метта тIедилларехь йолу цитата<br>**йа**<br>цуьнан дакъа далийна | 0 |
| **С2К3** | **МаьIнийн цхьаалла, сочинении къамелан уьйр а, хьалха-тIаьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а:<br>– маьIнин гIалаташ дац, схьадийцаран хьалха-тIаьхьалла гал ца йаьккхина;<br>– балха тIехь текст абзацашка йекъар гал ца даьккхина | 2 |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а,<br>**амма**<br>маьIнин цхьа гIалат далийтина<br>**йа**<br>балха тIехь текст абзацашка йекъарехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо биначу балха тIехь хаало коммуникативни дагалацам, амма цхьаннал сов маьIнин гIалат далийтина<br>**йа**<br>текст абзацашка йекъарехь ши гIалат далийтина | 0 |
| **С2К4** | **Белхан дIахIоттам** | |
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан дIахIоттамехь гIалаташ дац | 2 |
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу,<br>**амма**<br>текстан дIахIоттамехь цхьа гIалат далийтина | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| | Балха тІехь текстан дІахІоттамехь шиъ йа цул сов гІалат далийтина | 0 |
| **С2К1 – С2К4 критерешца сочинении баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайиййцина текст йелахь, оцу белхан С2К2 – С2К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучо къамел нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а маххадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

9.3 (сочинени-ойлайар) тІедилларан жоьпан мах хадабо хІокху критерешца

*5 таблица*

| РогІалла | Текстан анализца йогІучу темина йазйинчу сочиненин-ойлайаран (9.3) маххадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| **С3К1** | **Дешан маьІнадар** | |
| | Экзамен лучо билгалдаккхар далийна, комментари йина | 2 |
| | Экзамен лучо билгалдаккхар далийна,<br>**амма**<br>комментари ца йина | 1 |
| | Экзамен лучо нийсадоцу билгалдаккхар далийна,<br>**йа**<br>экзамен лучун балха тІехь дешан маьІнадар дац | 0 |
| **С3К2** | **Масалш-тІечІагІдарш хилар** | |
| | Экзамен лучо далийна ши масал-тІечІагІдар: цхьа масал-тІечІагІдар йешначу текстера, шолгІаниг-дахарера,<br>**йа**<br>экзамен лучо ши масал-тІечІагІдар йешначу текстера далийна | 3 |
| | Экзамен лучо йешначу текстера цхьа масал- тІечІагІдар далийна | 2 |
| | Экзамен лучо дахарера масал (-ш)-тІечІагІдар (-ш) далийна | 1 |
| | Экзамен лучо цхьа а масал-тІечІагІдар ца далийна | 0 |
| **С3К3** | **МаьІнийн цхьаалла, сочиненин къамелан уьйр а, хьалха-тІаьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьІнийн цхьаалло, схьадиййцаран къамелан уьйро а, хьалха-тІаьхьалло а:<br>– маьІнин гІалаташ дац, схьадиййцаран хьалха-тІаьхьалла гал ца йаьккхина;<br>– балха тІехь текст абзацашка йекъар гал ца даьккхина | 2 |
| | Экзамен лучо биначу белхан мах хадабо маьІнийн цхьаалло, схьадиййцаран къамелан уьйро а, хьалха-тІаьхьалло а,<br>**амма**<br>маьІнин цхьа гІалат далийтина<br>**йа**<br>балха тІехь текст абзацашка йекъарехь цхьа гІалат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо биначу балха тІехь хаало коммуникативни дагалацам,<br>**амма**<br>цхьаннал сов маьІнин гІалат далийтина<br>**йа**<br>текст абзацашка йекъарехь ши гІалат далийтина | 0 |
| **С3К4** | **Белхан дІахІоттам** | |
| | Болх шен дІахІоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан дІахІоттамехь гІалаташ дац | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, **амма** текстан дIахIоттамехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | Балха тIехь текстан дIахIоттамехь шиъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **СЗК1 – СЗК4 критерешца сочинении баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайиийцина текст йелахь, оцу белхан СЗК1 – СЗК4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а маххадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица).

*6 таблица*

| РогIалла | Экзамен лучо къамел нийса йаздаран а, фактически нийса хиларан а маххадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| **ГК1** | **Орфографически норманаш ларйар** | |
| | Орфографически гIалаташ дац, **йа** 2-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 3, 4 гIалат далийтина | 1 |
| | 5 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК2** | **Пунктуационни норманаш ларйар** | |
| | Пунктуационни гIалаташ дац, **йа** 2-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 3, 4 гIалат далийтина | 1 |
| | 5 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК3** | **Грамматически норманаш ларйар** | |
| | Грамматически гIалат дац, **йа** 1 гIалат далийтина | 2 |
| | 2 гIалат далийтина | 1 |
| | 3 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК4** | **Къамелан норманаш ларйар** | |
| | Къамелан гIалаташ дац, **йа** 2-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 3, 4 гIалат далийтина | 1 |
| | 5 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ФК1** | **Йозанан къамелан фактически нийса хилар** | |
| | Материал схьайиийцарехь **йа** терминех кхетарехь а, йукъайалорехь а гIалат ца далийтина | 2 |
| | Материал схьайиийцарехь **йа** терминаш йукъайалорехь 1 гIалат далийтина | 1 |
| | Материал схьайиийцарехь **йа** терминаш йукъайалорехь 2 гIалат далийтина | 0 |
| **ФК1, ГК1 – ГК4 критерешца сочиненин а, жимачу йозанан белхан а маххадоран баллийн лаккхара барам** | | **10** |

Нийсайаздаран маххадорехь (ГК1 – ГК4, ФК1) тидаме эца беза **жимачу йозанан белхан а, сочиненин а барам**.

6-чу таблицехь гайтинчу нормативех пайдаоьцу вовшахтоьхча 130 **йа** цул сов дешнийн барам болу **жима йозанан болх а, сочинени а** талларехь, мах хадорехь.

Нагахь **сочинении, жимачу йозанан белхан** вовшахтоьхна барам 60 – 129 дош хилахь, ГК1 – ГК4, ФК1 хIора критерина 1 баллал сов ца хIоттайо.

ГК1 – 1 балл хIоттайо, нагахь орфографически гIалаташ дацахь **йа** 2 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК2 – 1 балл хIоттайо, нагахь пунктуационни гIалаташ дацахь **йа** 2 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК3 – 1 балл хIоттайо, нагахь грамматически гIалаташ дацахь **йа** 1 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК4 – 1 балл хIоттайо, нагахь къамелан гIалаташ дацахь **йа** 2 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ФК1 – 1 балл хIоттайо, нагахь материал схьайиийцарехь **йа** терминех кхетарехь а, йукъайалорехь а гIалат ца далийтинехь.

Нагахь **жимачу йозанан белхан а, сочинении а** барам 60 дашал лахара хилахь, цу тайпанчу белхан ГК1 – ГК4, ФК1 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Нагахь дешархочо кхолларахлин **цхьа** болх бен кхочуш ца бинехь (**йа** жима йозанан болх, **йа** сочинени), ГК1 – ГК4, ФК1 критерешца мах хадор цу белхан бараме хьаьжжана хуьлу:

– нагахь белхан барам 130 дашал лахара бацахь, нийсайаздаран мах хадабо, 6-чу таблицех пайдаоьцуш;

– нагахь белхан барам 60 – 129 дош делахь, ГК1 – ГК4, ФК1 хIора критерина 1 баллал сов ца хIоттайо (хьажа лакхахь);

– нагахь белхан барам 60 дашал лахара белахь, цу тайпанчу белхан ГК1 – ГК4, ФК1 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна хила йиш йолчу **баллийн лаккхара барам – 33.**

Коьртачу йукъарчу дешаран Iаморан программашца йолу пачхьалкхан жамIдаран аттестаци дIайахьаран Низамца догIуш (Россин Федерацин серлонан министерствон а, Рособрнадзоран а 2023-чу шеран оханан беттан 4-чу дийнан № 232/551 омра), дIахьо экзаменационни белхаш таллар.

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан хIора тIедилларна йогIуш йолу балл хIоттайо. Нагахь санна цу шина эксперто хIиттийна баллаш цхьаьнайогIуш ца хилахь, и болх кхоалгIачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йогIуш йолчу маххадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председатело кхоалгIа талламхо (эксперт) хIоттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн маххадоран баллийн информаци кхоалгIачу талламхочуьнга (эксперте) дIало.

КхоалгIачу талламхочо (эксперто) хIиттийна баллаш тIаьххьара йу».

Ладам боллуш лору шина талламхочо 1, 9-гIий тIедахкарш кхочушдарехь хIиттийнчу баллийн барам 10 а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (хIора эксперто тIедахкарийн маххадоран йерриг а позицешца (*критерешца*) хIиттийна баллаш вовшахтуху: ХЖК1 – ХЖК3, С1К1 – С1К4, С2К1 – С2К4, С3К1 – С3К4, ГК1 – ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалгIачу талламхочо (эксперто) маххадоран йерриг а позицешца 1, 9-чуй тIедахкаршна йуха а таллам бо.*

## Экзаменационни болх кхочушбаран мах хадабо 5 баллан тIегIанца (*шкала*)

«**2**» дуьллу, нагахь дешархочо кхочушбинчу экзаменационни белхан массо а декъана **14** баллал (**0 – 14**) сов ца йаькхинехь.

«**3**» дуьллу, нагахь дешархочо кхочушбинчу экзаменационни белхан массо а декъана **15** баллал кIезиг а, **22** баллал дукха а йоцуш (**15 – 22**) баллаш йаьхнехь.

«**4**» дуьллу, нагахь дешархочо кхочушбинчу экзаменационни белхан массо а декъана

**23** баллал кIезиг а, **28** баллал дукха а йоцуш (**23 – 28**) баллаш йаьхнехь. Цу тIе, дешархо декхарийлахь ву нийсайаздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) **4** балл йаккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо **4** баллал кIезиг йаьккхинехь, тIаккха «**3**» дуьллу.
«**5**» дуьллу, нагахь дешархочо кхочушбинчу экзаменационни белхан массо а декъана
**29** йа цул сов (**29 – 33**) балл йаьккхинехь. Цу тIе, дешархо декхарийлахь ву нийсайаздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) **6** балл йаккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо **6** баллал кIезиг йаьккхинехь, тIаккха «**4**» дуьллу.

Приложение № 2
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «06» 09 2024 г. № 854-п

# Кодификатор проверяемых требований к результатам освоения основной образовательной программы основного общего образования и элементов содержания для проведения основного государственного экзамена по чеченскому языку (дешархой нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дӀайахьа кийча хиларан тӀегӀанан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор)

Пачхьалкхан коьрта экзаменан (ПКЭ) кепехь дешаран коьрта йукъардешаран программашца дӀахьош йолу пачхьалкхан жамӀдаран аттестаци.

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дӀайахьарехь коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа Ӏаморан жамӀаш толлучу лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор талламан лараран коьчалийн (кхин дӀа – ТЛК) чулацам а, дӀахӀоттам а билгалбечу документех цхьаъ йу. Кодификатор – иза коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа Ӏаморан жамӀаш толлучу лехамийн а, толлучу чулацаман элементийн а системе балийна ларам (перечень) бу, шена чохь хӀора декъана билгалйина код а йолуш.

Кодификатор хӀоттийна коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан а (Россин Федерацин серлонан министерствон 2021-чу шеран хӀутосург беттан 31-чу дийнан № 287 йолу «Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт тӀечӀагӀйаран хьокъехь» омра), коьртачу йукъарчу дешаран федеральни дешаран программин а (Россин Федерацин серлонан министерствон 2023-чу шеран хӀутосург беттан 18-чу дийнан № 370 йолу «Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни дешаран программа тӀечӀагӀйаран хьокъехь» омра) буха тӀехь.

Кодификатор шина декъах лаьтта:

– 1-ра дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа карайерзоран тӀегӀанан лехамийн ларам (перечень)»;

– 2-гӀа дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн (перечень)».

Кодификатор йукъа ца балийна пачхьалкхан жамӀдаран аттестацехь талла йиш йоцу коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа карайерзоран тӀегӀанан лехамаш а, чулацаман элементаш а.

## 1-ра дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа карайерзоран тӀегӀанан лехамийн ларам

Нохчийн меттан коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан Федеральни компонентан буха тӀехь арахецархой ПКЭ-на кийча хиларан тӀегӀанан лехамаш а, ФПДС-ан буха тӀехь коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа карайерзоран тӀегӀанан лехамаш а цхьаьнабогӀуш бу.

| Декъан код | Толлучу лехаман код | Нохчийн меттан коьртачу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа карайерзоран тӀегӀанан экзаменационни белхан тӀедахкарша толлу лехамаш (КЙД ФПДС-н буха тӀехь) |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| 1 | | ***Барта а, йозанан а къамелан гӀуллакхдаран тайп-тайпана некъаш кхиор (ладогӀар, йешар, йоза, барта а, йозанан а коммуникацин вайзаманан гӀирсийн гӀоьнца тӀекаре)*** |
| | 1.1 | нохчийн маттахь йешаран хаарш кхиор (Ӏаморан, довзаран, хьажаран), йешначу коьчалан чулацам тобар, ткъа иштта, текстан коьрта ойла, кхетамаш схьакъасто хаар, тӀечӀагӀдаран а, суртхӀотторан а гӀирсийн махxадор |
| | 1.2 | ладогӀаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а, оьшу хаамаш схьахаржа хаарца а) |
| | 1.3 | хьалха хӀоттийнчу Ӏалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжана, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хӀоттийнчу хаттарна тӀечӀагӀдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и. д. кх.) |
| 2 | | ***Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар*** |
| | 2.1 | фонетикин суртхӀотторан гӀирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а |
| | 2.2 | лексикин суртхӀотторан гӀирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (эпитет, метафора, олицетворени, дустар; фразеологизм, синонимаш, антонимаш, омонимаш) |
| | 2.3 | синтаксисан суртхӀотторан гӀирсийн коьртачу тайпанийн къастор а, характеристика а (дустаран карчам) |
| 3 | | ***Маттах, цуьнан дакъойх, категорех долу Ӏилманан хаарш шордар а, системе далор а; цуьнан тӀегӀанан а, дакъойн а уьйрах кхетар; лингвистикин коьрта кхетамаш караберзор*** |
| | 3.1 | маьӀне а, коьртачу грамматически билгалонашка а хьаьжжана, коьрта а, гӀуллакхан а къамелан дакъош, церан кепаш билгалйахар |
| | 3.2 | цӀердешнийн, билгалдешнийн, цӀерметдешнийн, терахьдешнийн, куцдешнийн тайпанаш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| | 3.3 | хандешнаш, причастеш, деепричастеш а, церан морфологически билгалонаш а къастор |
| | 3.4 | дештӀаьхьенаш, дакъалгаш, хуттургаш, церан тайпанаш къастор |
| | 3.5 | Айдардешнийн тайпанаш, церан грамматически башхаллаш къастор |
| 4 | | ***Дешан тайп-тайпана анализ йаран а, дешнийн цхьаьнакхетаран, предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар*** |
| | 4.1 | дешан аьзнийн хӀоттам билгалбаккхар, дакъошка нийса декъар, дешан аьзнийн характеристика |
| | 4.2 | дешан а, масех маьӀна долчу дешан а, стилистически башхалла йолчу дешан а лексически маьӀна а, царах пайдаоьцу меттиг а билгалйаккхар, синонимаш, антонимаш йалор |
| | 4.3 | дешан дошкхолладаларан, грамматически, маьӀнин анализ йаран буха тӀехь дош морфемашка декъар |
| | 4.4 | коьрта а, гӀуллакхан а къамелан дакъойн морфологически таллам бар; йукъара грамматически маьӀнин, коьртачу къамелан дакъойн морфологически билгалонийн характеристика, церан синтаксически гӀуллакх билгалдаккхар |
| | 4.5 | предложенин коьртаза меженаш, тӀедерзарш, йукъадало дешнаш къастор |
| | 4.6 | предложенин синтаксически анализ кхочушйар, предложенехь коьртачу къамелан дакъойн синтаксически гӀуллакх къастор |
| | 4.7 | текстан анализ а, текстан коьрта билгалонаш йовзар а; тема а, коьрта маьӀна а, коьрта дешнаш а, микротемаш а къастор, текст абзацашка йекъар, текстан композиционни элементаш хаар |

| | | |
|---|---|---|
| | 4.8 | къамелан гӀуллакхан-маьӀнин тайпанаш а, текст меттан функциональни тайпанех цхьаъ хилар а къастор, иштта тайп-тайпанчу кепехь teksташ кхоллар, церан дӀахӀоттаран норманаш ларйар |
| | 4.9 | уьйран тайпанаш, текстехь предложенийн уьйрийн маьӀнин, лексически, грамматически гӀирсаш къастор, царах пайдаэца Ӏалашо хилар |
| 5 | | ***Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор; къамелехь барта а, йозанан а аларш кхолларехь меттан норманех пайдаэцар карадерзор*** |
| | 5.1 | бакъо лахар а, дешнаш нийсайаздарехь бакъонех пайдаэцар а |
| | 5.2 | цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, диалогехь, цитированехь сацаран хьаьркаш хӀитторан бакъонех пайдаэцар |
| | 5.3 | цӀердешнийн, билгалдешнийн, цӀерметдешнийн, терахьдешнийн, хандешнийн кепаш шайн барамца хийцар |
| | 5.4 | бартбарехь а, урхаллехь а, деепричастин карчамца йолу предложени йалорехь а, текстан дакъош, предложенеш вовшахтосуш, цӀерметдешнех пайдаэцарехь а, хуттургийн гӀоьнца предложенеш хӀитторехь а грамматически норманаш ларйар |

**2-гӀа дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийнларам**

2-чу декъехь балийна нохчийн меттан коьртачу йукъарчу дешаран федеральни дешаран программин буха тӀехь хӀоттийна толлучу чулацаман элементийн ларам.

| Декъан код | Толлучу элементан код | Нохчийн меттан экзаменационнин белхан тӀедахкарша толлучу чулацаман элементаш (КЙД ФПДС-н буха тӀехь) |
|---|---|---|
| 1 | | ***Фонетика*** |
| | 1.1 | Къамелан аьзнаш |
| | 1.2 | Дешан фонетически анализ |
| | 1.3 | Озан а, элпан а дозуш хилар |
| | 1.4 | Фонетикин графикица а, орфографица а, йолу уьйр |
| 2 | | ***Лексика а, фразеологи а*** |
| | 2.1 | Цхьа маьӀна долу а, масех маьӀна долу а дешнаш; дешан нийса а, тардина а маьӀна |
| | 2.2 | Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш |
| | 2.3 | Архаизмаш, историзмаш, неологизмаш. Нохчийн лексикех пайдаэцаран гуо. Бакъ нохчийн а, тӀеэцна а дешнаш |
| | 2.4 | Фразеологизмаш а, церан билгалонаш а |
| | 2.5 | Дешан лексически анализ |
| 3 | | ***Морфемика а, дошкхолладалар а*** |
| | 3.1 | Дешан хӀоттам |
| | 3.2 | Дешан морфемни анализ |
| | 3.3 | Дошкхолладаларан коьрта некъаш |
| | 3.4 | Дешан дошкхолладаларан анализ |
| | 3.5 | Нийсайаздарехь дошкхолладаларх а, дешан хӀоттамах а долчу хаарех пайдаэцар |
| 4 | | ***Грамматика. Морфологи*** |

| | | |
|---|---|---|
| | 4.1 | Коьрта къамелан дакъош. ХIора коьрта къамелан декъан морфологически а, синтаксически а билгалонаш |
| | 4.2 | ГIуллакхан къамелан дакъош |
| | 4.3 | Дешан морфологически анализ |
| | 4.4 | Тайп-тайпанчу къамелан дакъойх кхоллайелла омонимаш |
| | 4.5 | Нийсайаздарехь морфологех долчу хаарех пайдаэцар |
| **5** | | ***Грамматика. Синтаксис*** |
| | 5.1 | Дешнийн цхьаьнакхетар синтаксически дакъа санна, цуьнан тайпанаш |
| | 5.2 | Аларан Iалашоне хьаьжжана, предложенийн тайпанаш |
| | 5.3 | Предложении грамматически лард. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. Сказуемин тайпанаш |
| | 5.4 | Цхьалхечу предложенийн дIахIоттаман кепаш (цхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззина а, йуьззина йоцу а) |
| | 5.5 | Предложенин цхьанатайпана меженаш, предложенин шакъаьстина меженаш; тIедерзарш; йукъадало дешнаш |
| | 5.6 | Чолхечу предложенийн тайпанаш |
| | 5.7 | Чолхечу предложенерчу дакъойн синтаксически йукъаметтигаш билгалйахаран гIирсаш |
| | 5.8 | Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложенеш |
| | 5.9 | Кхечун къамел довзийтаран кепаш |
| | 5.10 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенин синтаксически анализ |
| | 5.11 | Текстах кхетам, текстан коьрта билгалонаш (къастор, маьIнин цхьаалла, йозуш хилар, дерзор). Текста йукъара уьйран гIирсаш |
| | 5.12 | Нийсайаздарехь синтаксисах долчу хаарех пайдаэцар |
| **6** | | ***Орфографи*** |
| | 6.1 | Орфографи. Орфограммех кхетам |
| | 6.2 | Морфемин хIоттамехь мукъачу, мукъазчу а элпийн нийсайаздар |
| | 6.3 | Ъ, Ь нийсайаздар |
| | 6.4 | Тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнаш цхьаьна а, дефисца а, къаьстина а йаздар |
| | 6.5 | Тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнашца ЦА, МА цхьаьна а, къаьстина а йаздар |
| | 6.6 | Шала мукъаза элпаш |
| **7** | | ***Пунктуаци*** |
| | 7.1 | Пунктуаци. Сацаран хьаьркаш а, церан функцеш |
| | 7.2 | Цхьалхечу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.3 | Чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш |
| | 7.4 | Ма-дарра къамелехь а, цитаташкахь а, диалогехь а сацаран хьаьркаш |
| **8** | | ***Къамел*** |
| | 8.1 | Мотт а, къамел а. Къамелан тIекаре. Къамелан тайпанаш (барта а, йозанан а). Къамелан кепаш (монолог, диалог, полилог) |
| | 8.2 | Меттан къамелан а, функциональни стилийн а (Iилманан, публицистически, официальни-гIуллакхан), исбаьхьаллин литературин меттан а коьрта башхаллаш |
| | 8.3 | Текст къамелан гIуллакхдаран сурсат. МаьIнин цхьаалла а, текстан коммуникативни тIехьажам: тема, проблема, идей; коьрта а, коьртаза а хаамаш |

| | | |
|---|---|---|
| | 8.4 | Текстан функциональни-маьIнин тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар) |
| | 8.5 | Текстан анализ |
| | 8.6 | Сочиненеш, кехаташ, кхечу жанрийн тексташ йазйар |
| **9** | | ***Меттан норманаш*** |
| | 9.1 | Дош дIааларехь коьрта норманаш (мукъачу аьзнийн дIаалар, мукъазчу аьзнийн дIаалар билгалден норманаш) |
| | 9.2 | Вайзаманан нохчийн литературин меттан коьрта лексически норманаш (цуьнан лексически маьIница догIуш, дашах пайдаэцаран норманаш, къамелехь омонимаш, антонимаш, синонимаш масех маьIна долу дешнаш къастор; лексически цхьаьнадалоран норманаш и. д. кх.) |
| | 9.3 | Нохчийн литературин меттан коьрта морфологически норманаш (цIердешнийн, билгалдешнийн, терахьдешнийн, цIерметдешнийн, хандешнийн, причастийн, деепричастийн кепаш кхоллайаларан норманаш) |
| | 9.4 | Вайзаманан нохчийн литературин меттан коьрта синтаксически норманаш (цхьанатайпанчу меженех пайдаэцаран норманаш; чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш хIитторан норманаш; чолхе-карарчу предложенехь къастаман тIетухучу предложенин меттиг; кхачаман тIетухучу предложеница чолхе-карара предложенеш хIитторан норманаш; хуттургаш йоцу чолхе предложенеш хIитторан норманаш; ма-дарра а, лач а къамелаца предложенеш хIитторан норманаш) |
| **10** | | ***Нохчийн къамелан исбаьхьалла*** |
| | 10.1 | Исбаьхьаллин текстан башхалла |
| | 10.2 | Нохчийн меттан а, къамелан а коьрта суртхIотторан гIирсаш, къамелехь царах пайдаэцар (метафора, эпитет, дустар, олицетворени) |
| | 10.3 | Фразеологизмаш къамелан суртхIотторан гIирсаш санна |
| **11** | | ***Тайп-тайпанчу стилехь а, жанрехь а йолу тексташ информационни кечйар*** |
| | 11.1 | Текст информационни йухакечйар (план, конспект, аннотаци) |
| | 11.2 | Йешаран тайп-тайпана кепаш (Iаморан, йовзаран, хьажаран), дешаран книгица а, Интернет ресурсаш йукъа а лоцуш, кхиболчу информационни хаамашца а болх баран кепаш |
| | 11.3 | ЛадоьгIначу йа йешначу текстан чулацам схьабийцар (ма-йарра, йацйина, хьаржина) |

Приложение № 3
к приказу Министерства образования и науки
Чеченской Республики
от «26» 09 2024 г. № 854-п

# Спецификация контрольных измерительных материалов для проведения в 2025 году основного государственного экзамена по чеченскому языку (2025 шарахь нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дIайахьа лерина талламан лараран коьчалийн спецификаци)

Пачхьалкхан коьрта экзаменан (ПКЭ) кепехь дешаран коьрта йукъардешаран программашца дIахьош йолу пачхьалкхан жамIдаран аттестаци.

**1. ПКЭ-на леринчу талламан-лараран коьчалийн лехам**

ПКЭ (ОГЭ) – иза федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан лехамашца цхьаьнайогIуш йолчу коьртачу йукъардешаран программашца дешархоша карадерзийнчу жамIийн цхьаьнадар билгалдаккхаран Iалашонца дIахьош йолчу пачхьалкхан жамIдаран аттестацин кеп йу.

Билгалйаьхначу Iалашонашка кхачархьама пайдаоьцу стандартизированни кепехь йолчу тIедахкарийн комплексех лаьттачу талламан лараран коьчалех (ТЛК).

2012-чу шеран гIуран беттан 29-чу дийнан № 273-ФЗ йолчу «Российски Федерацин дешаран хьокъехь» Федеральни бакъонца а, Россин Федерацин серлонан министерствон а, Рособрнадзоран а 2023-чу шеран оханан беттан 4-чу дийнан № 232/551 омрица тIечIагIдинчу коьртачу йукъарчу дешаран Iаморан программашца пачхьалкхан жамIдаран аттестаци дIайахьаран низамца а цхьаьнайогIуш дIахьо ПКЭ.

**2. ТЛК-н чулацам билгалбен документаш**

ТЛК-н чулацам билгалбоккху коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан буха тIехь:

1) (Россин Федерацин серлонан министерствон 2021-чу шеран хIутосург беттан 31-чу дийнан № 287 йолу «Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт тIечIагIйаран хьокъехь» омра;

2) Россин Федерацин дешаран а, Iилманан а министерствон 2010-чу шеран гIуран беттан 17-чу дийнан № 1897 йолу омра (2014–2022 шерийн хийцамашца).

ПКЭ-н ТЛК хIоттийна, коьртачу йукъарчу дешаран федеральни дешаран программин чулацам (Россин Федерацин серлонан министерствон 2023-чу шеран хIутосург беттан 18-чу дийнан № 370 йолу «Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни дешаран программа тIечIагIйаран хьокъехь» омра) тидаме а оьцуш.

**3. ТЛК-н дIахIоттам кхолларан а, чулацам харжаран а некъаш**

Экзаменационни балхо толлу дешархойн лингвистически компетенци (маттах а, къамелах а долу хаарш; шайн балха тIехь лингвистически хаарех пайдаэца хаар, иштта довзийтаран, классификацин, жамIдаран дешаран меттан хаарш а, карадирзинарш а). Меттан норманаш (лексически, грамматически, стилистически, нийсайаздаран, пунктуационни) ларйарца доьзна долчу хаарша а, карадирзинчара а гойту дешархойн меттан компетенцин барам. Къамелан белхан продуктивни а, рецептивни а карадирзинарш дешархошна хааран барамехь толлу белхан коммуникативни компетенци.

Коьртачу ишколехь дешар чекхдоккхуш, экзамен лучеран кечамбаран барам а, нохчийн маттана кечамбаран барамехь болу пачхьалкхан лехамаш а цхьаьнабогIуш хиларан мах хадо таро ло экзаменехь делла тIедахкарш кхочушдаро. Цо таро хуьлуьйту лакхарчу классашкахь дешар кхиамца дIадахьа.

ПКЭ-н экзаменационни болх вариативность ларйеш хIоттийна: экзамен лучунна бакъо ло сочиненин кхаа вариантах цхьаъ харжа.

Къаьстинчу тIедахкарийн а, берриг экзаменационни белхан а маххадоран къепе (система) кхоьллина нохчийн мотт хьехаран ламасташ а, педагогически дустарийн белхан а, теорин а лехамаш ларбеш.

**4. ТЛК-н чулацаман а, дIахIоттаман а характеристика**

ТЛК-н хIора вариант кхаа декъах а лаьтта, шайн кепаца а, чолхаллин барамца а къаьсташ долу 9 тIедиллар йукъа а лоцу.

1-ра дакъа – ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх (1-ра тIедиллар).

2-гIа дакъа – (2-8 тIедахкарш) доцца жоп даларан тIедахкарш.

Экзаменационни балха тIехь хьалха хIиттийна хIокху тайпана доцца жоп даларан тIедахкарш:

– ша вовшахтоьхна доцца жоп дIайаздаран тIедиллар;

– хьалха хIиттийнчу жоьпашна йукъара нийса долу цхьаъ схьакъасто а, дIайаздан а хаар.

3-гIа дакъа (9-гIа альтернативни тIедиллар) йешначу текстан буха тIехь, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, шена хетарг схьаала хаар толлуш долу даьржинчу жоьпаца йиллинчу кепехь тIедиллар (сочинени).

ТIедахкарш экзаменационни белхан дакъошка декъар гайтина 1-чу таблицехь.

*1-ра таблица*

*ТIедахкарш белхан дакъошца декъар*

| **Белхан дакъош** | **ТIедахкарийн барам** | **Лаккхара йуьхьанцара балл** | **ТIедахкарийн тайпанаш** |
|---|---|---|---|
| 1-ра дакъа | 1<br>(1-ра тIедиллар) | 7 | Даьржинчу жоьпаца тIедиллар |
| 2-гIа дакъа | 7<br>(тIедахкарш 2-8) | 7 | Доццачу жоьпаца тIедиллар |
| 3-гIа дакъа | 1<br>(9-гIа тIедиллар) | 9 | Даьржинчу жоьпаца тIедиллар |
| 1, 3-гIий дакъош | | Къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздан хаарна – 10 балл | |
| **Дерриг а** | **9** | **33** | |

«Нохчийн мотт» дешаран предмет Iаморан предметан жамIийн тайп-тайпанчу дакъошна таллам барна лерина тIедахкарш декъар гайтина 2-чу таблицехь.

*2-гIа таблица*

*ТIедахкарш Iаморан предметан жамIаш толлучу блокашка декъар*

| **Iаморан предметан жамIийн блокаш (ФПДС цхьаьнайогIуш)** | **ТIедахкарийн барам** | **Лаккхара йуьхьанцара балл** | **Берриг а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (33 балл) чулацаман хIора декъан тIедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент** |
|---|---|---|---|
| Барта а, йозанан а къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза) | 2 | 16 | 49 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дешан тайп-тайпана анализ йаран а, дешнийн цхьаьнакхетаран а, предложенин а синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар | 5 | 5 | 15 |
| Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар | 1 | 1 | 3 |
| Литературин меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор; барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар | 1<br>+<br>дакъош 1,3<br>(дерриш а) | 11 | 33 |
| **Дерриг а** | **9** | **33** | **100** |

**5. ПКЭ-н ТЛК-н тӀедахкарш, чулацаме а, толлучу хаарийн, гӀуллакхдаран некъашка а хьаьжжана, декъар**

ТӀедахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар 3-чу таблицехь гайтина.

*3-гӀа таблица*

*ТӀедахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар*

| **Чулацаме дакъош** | **ТӀедахкарийн барам** | **Лаккхара йуьхьанцара балл** | **Берриг а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (33 балл) чулацаман хӀора декъан тӀедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент** |
|---|---|---|---|
| Къамел. ЛадогӀар. Барта къамелах нийса кхетар. Йозанца чулацам схьабийцар (ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш алар) | 1 | 7 | 21 |
| Грамматика. Синтаксис | 2 | 2 | 6 |
| Къамел | 2 | 10 | 30 |
| Пунктуаци | 1 | 1 | 3 |
| Орфографи | 1 | 1 | 3 |
| Нохчийн меттан къамелан суртхӀоттор | 1 | 1 | 3 |
| Лексика | 1 | 1 | 3 |
| Меттан норманаш. Орфографи. Пунктуаци | 1,3<br>дакъош<br>(дерриш а) | 10 | 31 |
| Дерриг а | 9 | 33 | 100 |

Нохчийн меттан ПКЭ экзаменационни кепан тӀедахкарш тайп-тайпана ду, шен меттан коьчалшка хьаьжжана (хьажа 4-чу таблице).

Экзамен лучо болх бо текстан чулацаман меттан хиламашца; хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбо, шен йозанан монологически дӀаалар кхуллу.

*4-гIа таблица.*

*ТIедахкарш меттан коьчалца болчу белхан тайпанашка декъар*

| **Меттан коьчалца болчу белхан тайпанаш** | **ТIедахкарийн барам** | **Лаккхара йуьхьанцара балл** | **Берриг а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (33 балл) процентах меттан коьчалца болчу белхан тайпанийн кхочушдинчу тIедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент** |
|---|---|---|---|
| Хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбар | 1 | 7 | 21 |
| Текстаца болх: текстан чулацаман меттан хиламашца болх бар (текстан меттан анализ) | 7 | 7 | 21 |
| Сочинени йазйар | 1 | 9 | 27 |
| Практически нийсайаздар а, къамел фактически нийса хилар | | 10 (йазйинчу сочиненин, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан буха тIехь) | 31 |
| **Дерриг а** | **9** | **33** | **100** |

**6. ТЛК-н тIедахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар**

Экзаменационни белхан дерриг тIедахкарш чолхаллин коьртачу барамехь ду.

**7. Нохчийн меттан ПКЭ дIайахьаран хан**

Экзаменационни болх кхочушбарна лерина йу 235 минот.

**8. ГIоьнна лерина коьчалш**

Экзамен лучарна бакъо ло нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

**9. Къаьстина тIедахкарш а, берриг экзаменационни болх а кхочушбаран маххадоран къепе (*система*)**

Белхан **1-чу декъан** тIедилларан (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан) жоьпан мах хадабо леррана хIоттийнчу критерешца. Хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан балхана лерина лаккхара балл – **7**.

Белхан **2-чу декъан** хIора тIедиллар нийса кхочушдарна арахецархочунна 1 балл ло. Жоп нийса цадаларна йа жоп делла цахиларна ноль балл хIоттайо. Экзамен лучунна белхан 2-чу декъан тIедахкарш нийса кхочушдарна хIитточу баллийн лаккхара барам – **7**.

Белхан **3-чу декъан** тIедилларан жоьпан мах хадабо леррана хIоттийнчу критерешца.

Сочиненина-ойлайарна (альтернативни тIедилларна) лерина лаккхара балл – **9**.

Экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тIехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.

Экзамен лучо берриг а экзаменационни болх кхочушбарна хIитточу **баллийн лаккхара барам – 33.**

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан хIора тIедилларна йогIуш йолу балл хIоттайо. Нагахь санна цу шина эксперто хIиттийна баллаш цхьаьнайогIуш ца хилахь, и болх кхоалгIачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йогIуш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председателo кхоалгIа талламхо (эксперт) хIоттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн маххадоран баллийн информаци кхоалгIачу талламхочуьнга (эксперте) дIало.

КхоалгIачу талламхочо (эксперто) хIиттийна баллаш тIаьххьара йу.

Ладам боллуш лору шина талламхочо l-чунна тIера 9-чунна тIекхаччалц долу тIедахкарш кхочушдарехь хIиттийнчу баллийн барам 10 а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (хIора эксперто тIедахкарийн мах хадоран йерриг а позицешца (критерешца) хIиттийна баллаш вовшахтуху: ХЖКl–ХЖК3, С1К1– С1К4, С2К1– С2К4, С3К1– С3К4, ГК1–ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалгIачу талламхочо (эксперто) маххадоран йерриг а позицешца 1,9-гIий тIедахкаршна йуха а таллам бо.*

Белхан дерриг а тIедахкаршна хIиттийнчу баллийн буха тIехь йукъара балл йагар а йой, **5** баллан тIегIанца мах хадабо.

**10. Экзамен дIайахьаран хьелаш (*говзанчашка лехамаш*)**

Нохчийн меттан экзамен йолчу аудитори чу нохчийн меттан говзанчаш-филологаш ца буьту. Экзаменехь вовшахтохархо (организатор) хила веза нохчийн мотт хьоьхуш воцу хьехархо. Экзамен дIайахьаран йукъара инструкци хиларо таро хуьлуьйту, предметан говзанчаш йукъа ца озош, цхьатерра хьелаш лардан.

Кхин дIа даладо экзамен дIайахьаран магийна низам.

Экзаменационни коьчал чохь йолу пакет караккхаьчначул тIаьхьа экзамен лучара дерриг кехаташ йа бланкаш, шайх болу хаамаш тIейазбой, охьадохку, оьшучу низамехь белхан меттехь.

Цкъа хьалха экзамен лучара ладугIу йуьхьанцарчу тексте. Тексте ладугIучу хенахь экзамен лучеран бакъо йу черновик тIехь цхьацца йозанаш дан. ШозлагIа йешначул тIаьхьа хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх кхочушбо экзамен лучара. Тексте ладугIу, аудиозаписах пайда а оьцуш.

*5-гIа таблица*

*Хаттаршна жоьпаш даларца йозанан болх дIабахьаран кеп*

| РогIалла | Организаторан болх | Экзамен лучеран болх | Герггарчу хьесапан хан |
|---|---|---|---|
| 1 | Дуьххьара аудиозапись хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар. Тексте ладугIучу хенахь черновик тIехь цхьацца йозанаш дар. | 3-4 минот |
| 2 | Текстан ойлайан хан йалар | Черновикашца болх бар | 5-6 минот |
| 3 | Аудиозапись шолгIа хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар | 3-4 минот |
| 4 | Запись дIайаккхар. Болх йазбан болабан безарх а, дошам лело бакъо хиларх а хаам бар | | |
| 5 | | Йозанан болх кхочушбар | |

Цул тIаьхьа экзамен лучара кхочушдо экзаменационни белхан 2-чу а, 3-чу а дакъойн тIедахкарш.

Белхан дерриг дакъош тIехь болх бечу хенахь экзамен лучеран бакъо йу нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

**11. 2024 шеран ТЛК-хь хиллачуьнца дуьстича, 2025 шеран ТЛК-н хийцамаш.**

ТЛК-н дIахIоттамехь а, чулацамехь а хийцамаш ца бина.

**2025 шеран НОХЧИЙН МЕТТАН ПКЭ-н ТЛК-н**
**вариантан жамІдаран хьесап**

*6-гІа таблица*

*Экзаменационни белхан дерриг тІедахкарш чолхаллин коьртачу барамехь ду*

| РогІалла | Толлучу чулацаман дакъош | Толлучу чулацаман дакъойн код | Толлучу хаарийн код | Кхочушдинчу тІедилларан лаккхара балл | ТІедиллар кхочушдан герггарчу хьесапехь йелла хан (минот) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ЛадоьгІначу йа йешначу текстан чулацам схьабийцар (ма-йарра, йацйина, хаьржина) | 11.3 | 1.2 | 7[1] | 90 |
| 2 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенин синтаксически анализ | 5.10 | 4.6 | 1 | 13 |
| 3 | Предложенин пунктуации анализ | 7 | 5.2 | 1 | 13 |
| 4 | Цхьалхечу а, чолхечу а предложенин синтаксически анализ | 5.10 | 4.5 | 1 | 10 |
| 5 | Дешан орфографически анализ | 6 | 5.1 | 1 | 13 |
| 6 | Текстан анализ | 8.5 | 4.7 | 1 | 12 |
| 7 | Къамелан а, нохчийн меттан а коьрта суртхІотторан гІирсаш, царах къамелехь пайдаэцар (метафора, эпитет, дустар, фразеологизм) | 10.2 | 2.2 | 1 | 12 |
| 8 | Дешан лексически анализ | 2.5 | 4.2 | 1 | 12 |
| 9 | Сочиненеш, кехаташ, кхечу жанрийн告 тексташ йазйар | 8.6 | 1.3 | 9 [1] | 60 |
| | Дерриг тІедахкарш – **9**.<br>Царах доцца жоп даларан – **7**; даьржина жоп даларан – **2;**<br>чолхаллин барамца: К[1] – **9**<br>Лаккхара йуъхьанцара балл – **33**.<br>Болх кхочушбарна хан – **235 минот**. | | | | |

1-рий, 9-гІий тІедахкарш толлуш, экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дІайаздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тІехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.

[1] К – коьрта (Б – базовый).